



Pou Piblikasyon Imedya: 27/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETAP ENPÒTAN KOTE YO ATENN SENK MILYON LIV NAN PWOGRAM DONASYON MANJE AK RESIKLAJ RÈS MANJE ETA A

Pwogram kap mennen nan nasyon an ede bay nouyòkè ki grangou yo manje, diminye gaz ki lakoz efè sè nan dechaj yo

Patenarya Eta New York ak Feeding New York State ki se yon antite san bi likratif pral kolekte ak distribye manje nan 10 bank alimantè rejyonal eta yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Feeding New York State, asosyasyon eta ki gen 10 bank alimantè ki se manm Feeding America New York la, deja atenn etap enpòtan nan koleksyon senk milyon liv la nan kad aplikasyon kontinyèl [Lwa sou Resiklaj Rès Manje ak Don Manje Eta New York la](#) (New York State Food Donation and Food Scraps Recycling Law) ki diminye fatra ak emisyon k ap chanje klima a ki te koze pa dechaj yo pandan y ap bay bon jan manje pou Nouyòkè ki nan bezwen yo. Dènye etap enpòtan sa a se yon rezilta dirèk finansman Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la pou Nouri Eta New York pou pran nouvo don manje epi ede konstwi kominote ki pi solid, ki pi an sante.

"Eta New York ap fyè pou l sipòte inisyativ pou ede asire fanmi yo gen aksè ak bon jan kalite manje", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan kad Lwa sou Resiklaj Rès Manje ak Don Manje a, efò reyitilizasyon sa a sipòte pwovizyon manje kominotè nou yo pandan y ap pran mezi inovan pou diminye gaz ki lakòz efè sè yo nan fatra dechaj yo pandan n ap kontinye avanse pou pi devan nan aksyon pou atenn objektif klimatik anbisye Eta a. Mwen felisite Feeding NYS, founisè resikalj rès manje nou yo, ak patnè eta nou yo ki atenn etap estrawòdinè sa a."

[Lwa sou Resiklaj Rès Manje ak Don Manje Eta New York la](#) kontinye wè plis manje jere yon fason dirab ak detounen de eliminasyon nan pi gwo biznis ki gen rapò ak manje nan eta a. Pou sipòte aplikasyon lwa a ak don manje ki fè siksè, DEC te bay 4.8 milyon dola pou Feeding New York State (Feeding NYS) ak pou 10 bank alimantè rejyonal yo atravè Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund, EPF) pou ogmante dramatikman don yo apati mwa oktòb 2021 Feeding NYS ap itilize fon yo pou deplwaye anplwaye nan episri yo, restoran yo, kolèj yo, ak lòt enstalasyon endistri alimantè yo pou ogmante patisipasyon nan pwogram nan epi ankouraje don manje. Fon an te sipòte tou plizyè acha ekipman pou 10 bank alimantè rejyonal yo pou

ogmante kapasite pou ranmase manje nan gadmanje yo, sant repa yo, ak lòt ajans patnè yo.

Patenarya ant Eta New York ak Feeding NYS se yon modèl k ap mennen nan peyi a pou pwogram detounman alimantè. Enplemantasyon lwa a ak envestisman New York te fè pou mete pwogram nan an aksyon te ede devye avèk siksè plizyè milyon liv manje bay moun ki nan bezwen yo. Apati oktòb 2023, Feeding NYS te rapòte ke li te resevwa plis pase 300,000 liv don manje chak mwa pandan sis dènye mwa yo, ak yon kantite ki ogmante prèske chak mwa. Sa a se yon ogmantasyon siyifikatif soti nan 50-60,000 liv pa mwa lè pwogram nan te premye lanse nan mwa oktòb 2021. Pwogram nan te deja rive nan [etap yon milyon liv don manje](#) nan mwa out 2022.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Siksè efò detounman alimantè New York la ap ede nourri moun ki grangou ki nan bezwen atravè eta a ak senk milyon liv manje ki an sante ke yo retire nan dechaj yo. Avèk sipò kontinyèl Gouvènè Kathy Hochul, efò kontinyèl DEC ap fè pou detounen manje ki bon pou sante yo lwen dechaj yo ap ede diminye gaz ki lakòz efè sè epi reyalize manda klimatik anbisyè eta a. Mwen bat bravo pou patnè nou yo nan Feeding NYS ak tout patnè eta ak lokal nou yo paske yo ede pwogram sa a devlope nan avantaj tout Nouyòkè yo."

Direktè Egzekitif Feeding NYS la, Dan Egan, te deklare, "Pèsoun pa vle gaspiye manje ki konlètman bon lè plizyè milyon Nouyòkè nan ensekirite alimantè. Nou gen chans ke Gouvènè Hochul ap sipòte travay nou pou devye manje ki manjab nan rezo bank alimantè a pou vwazen nou yo ka gen plis manje ki sen. Eta New York ap dirije nasyon an ak modèl nou an pou rekipèrasyon ak reyitilizasyon rès manje ki manjab, sa k ap benefisye endistri alimantè a, vwazen nou yo ki grangou ak anviwònman nou an. Nou te rekipere senk milyon liv jiskaprezan, men nou fèk kòmanse. Nou pa ka tann pou nou rekipere sis milyon nan ane fiskal sa a sèlman, epi nou pral kontinye agrandi pwogram sa a pou lavni."

Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard A. Ball, te deklare, "Pwogrè yo te fè nan kad lwa sou Resiklaj Rès Manje ak Don Manje Eta New York la enkwayab, sa ki ede pote yon kantite manje enpòtan nan kominote nou yo ki nan bezwen yo epi ki benefisye anviwònman nou an. Nan Depatman Agrikilti Eta a, nou te wè pèsònèlman siksè ak enpòtans pwogram alimantè tankou Nourish New York, ki pote pwodwi agrikòl New York bay moun k ap fè fas ak ensekirite alimantè epi ki bay kiltivatè nou yo yon bourad. Pwogram sa a konplete travay sa a ak tout pwogram Eta a ke ansanm ak patnè nou yo, ap abòde batay kont grangou a pandan y ap avanse ajanda klimatik nou an."

Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare, "Kantite manje yo bay ak kolekte ki remakab sa a isit la nan New York vle di gwo avantaj yo ap reyalize: mwens ensekirite alimantè pou rezidan yo, mwens koleksyon fatra ak rediksyon gaz ki lakòz efè sè k ap emèt nan dechaj nou yo. Felisitasyon pou Feeding New York State ak patnè eta li yo ki nan DEC pou travay enpòtan sa a ak etap enpòtan louwab sa a. Apre mwen te prezante lwa sa a nan Sena a, mwen kontan wè inisyativ sa a reyisi."

Jan sa endike nan pwojè Plan Direktè pou lwa klima Eta a, Lwa sou Lidèchip Klimaik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a, liberasyon metàn ki soti nan dekonpozisyon dechè òganik nan depotwa yo se pi gwo kontribisyon nan emisyon gaz ki lakòz efè sè sektè fatra a. Aksyon pou diminye dechaj òganik sa yo enpòtan anpil pou atenn objektif klimatik New York yo. Anplis de sa, DEC te bay tou 1.6 milyon dirèkteman bay òganizasyon sekou manje ijans, ak 5.3 milyon dola bay minisipalite yo pou rediksyon manje k ap gaspiye, don manje, ak pwogram resiklaj rès manje.

Ak sezon lachas gwo jibye k ap kòmanse atravè eta a, yo raple chasè New York yo ke yo ka kontinye ede ak ensekirite alimantè lè yo patisipe nan efò pou fè don jibye. Chak ane, DEC fè patenarya ak Kowalisyon Donasyon Jibye (Venison Donation Coalition) ak Feeding NYS pou ede bay manje pou moun ki nan bezwen yo. Atravè yon relasyon koperatif ki enplike Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH), òganizasyon san bi likratif tankou bank alimantè rejyonal Feeding New York State, ak transfòmatè sèf yo, chasè yo kontribye prèske 40 tòn vyann jibye chak ane pou fanmi ki nan bezwen yo atravè eta a. An 2022, DEC te bay plis pase 16,000 dola nan fon ke chasè bay pou Feeding NYS ak plis pase 8,000 dola pou Kowalisyon Donasyon Jibye a.

Gen plizyè fason yon chasè ka ede nourri moun ki gen mwens chans yo. Chasè yo ka bay sèf yo oswa yon pati ladan nan yon [transfòmatè k ap kolabore](#), sipòte [bank alimantè rejyonal pa yo](#) finansyèman, oswa fè yon don lajan kach bay [Kowalisyon Donasyon Jibye](#) lè w [achte lisans lachas ou](#) pou ede konpanse depans pou transfòme jibye yo bay yo. Pou aprann plis sou fason pou sipòte pwogram sa yo oswa bay jibye pou ede fanmi lokal yo bay manje, vizite [Kowalisyon Donasyon Jibye](#) oswa [Feeding New York State](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)